QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«27» Июль 2021-y. № 04-04/03-3443 «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизиң, 2021-жыл 17-июльдеги 7/511-санлы хатыңызды тийисли тәртипте үйренип шығып, төмендегилерди мәлим етеди.

**Қараөзек районы 1-санлы улыўма орта билим бериў мектебине** капитал-оңлаў жумыслары алып барылыўы зәрүрлигин есапқа алып, 2021-2025 жыллардың "Аўыр аўҳаллардағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде жаңадан қурыў, реконструкция қылыў, ири оңлаў жумысларын алып барыў бойынша" 2022-жылдың Мәнзилли дизимине киритилип, 2 млрд 954 млн.сўм қаржы ажыратыў;

**2-санлы улыўма орта билим бериў мектебине** капитал-оңлаў жумысларын алып барыў ушын 2021-2025 жылларда "Аўыр аўҳаллардағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде жаңадан қурыў, реконструкция қылыў, ири оңлаў жумысларын алып барыў бойынша" 2022-жылдың Мәнзилли дизимине киритилип, 4 млрд. 368 млн.сўм қаржы ажыратыў;

**28-санлы улыўма орта билим бериў мектебине** капитал-оңлаў жумыслары алып барылыўы зәрүрлигин есапқа алып, 2021-2025 жылларда "Аўыр аўҳаллардағы улыўма орта билим бериў мектеплеринде жаңадан қурыў, реконструкция қылыў, ири оңлаў жумысларын алып барыў бойынша" 2022-жылдың Мәнзилли дизимине киритилип, 3 млрд. 744 млн.сўм қаржы ажыратыў бойынша усыныс берилген.

Буннан тысқары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президумының 2021-жыл 4-майдағы "2021-2022-жылларда Қараөзек районын социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыўға қаржы ажыратыў ҳаққында"ғы 327-санлы қарарында көрсетилген қаржылар тийкарында районда социаллық-экономикалық раўажланыўы ушын зәрүр болған объектлер дизимине киритилип бүгинги күнде 1-, 2-, 28-санлы улыўма орта билим бериў мектеплерине қурылыс оңлаў жумысларын алып барыў ушын жойбар-смета ҳүжжетлер ислеп шығылмақта.

Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 5-июльдеги №391-санлы Президиум қарары тийкарында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 5-июньдеги №141-б-хдфу-санлы пәрманы тийкарында 392 билимлендириў мәкемелеринде қурылыс-оңлаў жумысларын алып барыў ушын жәми 40 млрд. 363 мың 800 сўм қаржы ажыратылған болып, соннан, Қараөзек районы 1-санлы мектебине 195,8 млн.сўм, 2-санлы мектебине 182,1 млн. сўм ҳәмде 28-санлы мектебине 143,1 млн. сўмлық қаржы ажыратылып қурылыс-оңлаў жумыслары алып барылып атырғанлығын мағлыўмат ушын қабыл етиўиңизди сорайды.

**Министр орынбасары ў.ў.а** **И.Балтабаев**

Таярлаған: Р.Данияров
Тел: (93) 487-75-87